

**Depatman Lasante ak Ijyèn
Mantal Vil Nouyòk ka ede ni
oumenm ni patnè w yo**



Michael R. Bloomberg
Majistra

Thomas Farley, M.D., M.P.H.
Ofisye gouvènman lokal

HPD1X25820 – 12.09 Haitian-Creole



Aprann ke w teste pozitif pou VIH lèfini jwenn sèvis ak swen medikal, se yon bagay ki difisil. Li ka pi difisil toujou pou fè patnè w yo konnen ou enfekte ak VIH. Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk ka ede w fè patnè w yo konn sa e li ka refere w nan sèvis ou ka bezwen.

Bwochi sa a dekri kouman Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal ka ede w lè yo dyagnostike w ak VIH. Epitou, li gen enfòmasyon ladan l ki ka ede w pwoteje patnè w yo ^(gade nan paj 7), ki ka ede w konprann pi byen sa VIH/SIDA ye e kouman pou viv ak VIH/SIDA ^(gade nan paj 12), metsouli li ka ede w fè pitit san ke pitit la ekspoze a danje ki genyen poutèt ou teste pozitif pou VIH ^(gade nan paj 18). Finalman, w ap jwenn konsèy sou ki kote pou w jwenn plis enfòmasyon

^(gade nan paj 21).

V. Resous

Sèvis pou avize patnè

- Liy telefòn Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal: **(212) 442-6577**
- Pwogram Asistans pou Avize Kontak (CNAP): **(212) 693-1419**

Enfòmasyon jeneral ak materyèl sou VIH ak sou ki kote pou fè tès VIH


- Rele 311

Sèvis pou Sante Mantal ak Itilizasyon Sibstans Chimik (Dwòg ak lòt sibstans)

- **1-800-LIFENET** (1-800-543-3638), pou jwenn èd si w abize dwòg ak alkòl, si w fè depresyon, oswa si w gen lòt pwoblèm sante mantal

Sèvis pou moun kap viv ak VIH/SIDA

- Anyè telefòn pou HITE: **www.hitesite.org**
- Anyè telefòn pou òganizasyon *Ryan White*: **www.ryanwhitenyc.org**



I. Asistans pou pasyan ki gen VIH ak pou patnè yo

5. Kouman èske mwen ka pwoteje tibebe m nan pou l pa pran VIH?

- Al kay yon doktè regilyèman pou swen prenatal (anvan akouchman).
- Si w gen entansyon tonbe ansent oswa kou w konnen w ansent
 - Pran medikaman pou VIH ou yo chak jou.
 - Piga bay tibebe a tete epi pale ak doktè w la sou kesyon bay tibebe w la fòmila (lèt bebe).
 - Piga moulen manje tibebe w la nan bouch ou anvan w ba li l.
 - Bay tibebe w la medikaman l yo jan yo preskri yo.

6. Ki lòt bagay mwen ka fè pou m asire m tibebe m nan ansante?

- Pran vitamin prenatal ou yo (anvan akouchman).
- Fè egzèsis epi manje repa ki nitritif.
- Piga fimèn, ni bwè alkòl oswa ni itilize lòt medikaman doktè w la pa preskri w.

7. Ki kesyon pou m poze doktè m nan?

Mande doktè w la:

- Kilè pou m ta kòmanse pran medikaman VIH yo?
- Pandan konbyen tan map genyen pou m pran medikaman VIH yo?
- Ki nivo chaj viral VIH mwen an ye?
- Èske se pou m ta fè yon sezaryèn poutèt mwen teste pozitif pou VIH?
- Kilè tibebe m nan dwe fè tès pou VIH?
- Ki kalite tès ou pral itilize pou tcheke si tibebe m nan gen VIH?
- Kilè map konnen toutbon si tibebe m nan gen VIH?

1. Kisa Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk ka fè pou ou?


Si yo dyagnostike w ak VIH, Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal ka:

- Refere w bay yon doktè ki pral ede w trete enfeksyon VIH ou a, si w poko gen yon doktè.
- Refere w bay ajans sèvis sosyal pou ede w jwenn asirans sante, lojman, konsèy, tretman pou dwòg, sèvis pou echanj sereng ak anpil lòt sèvis toujou.
 - Ede w jwenn meyè fason pou ka fè patnè w yo konnen ou gen VIH e pou fè yo konnen jan li enpòtan pou patnè w yo okouran de pwòp kondisyon VIH pa yo.
 - Ede w pou fè patnè w la(yo) fè tès pou VIH.

Si w bezwen nenpòt nan sèvis sa yo, rele liy telefòn Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal la nan **(212) 442-6577**.

2. Ki kote èske mwen ka jwenn swen pou VIH?

- Nan Vil Nouyòk, ou ka al kay yon doktè e ou ka resevwa medikaman pou VIH/SIDA menmsi w pagen asirans oswa menmsi w pa yon imigran legal.
- Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal ka ede w jwenn yon sant lokal nan Leta Nouyòk ki espesyalize nan swen pou moun kap viv ak VIH/SIDA. Sant sa yo ofri swen konplè epitou yo genyen doktè, enfimyè, ajan sèvis sosyal, nitrisyonis ak espesyalis sante mantal kap travay tèt ansanm. Ou ka jwenn yon lis sant yo chwazi yo:
- Sou Entènèt nan:
<http://home2.nyc.gov/html/doh/downloads/pdf/csi/hivtestkit-hcp-aidscenters-guide.pdf>
- Oswa ou ka rele nan Enstiti pou SIDA Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Leta Nouyòk (New York State Health Department AIDS Institute) nan **(518) 486-1383**



3. Kisa sa vle di, pou avize patnè a?

Sèvis sa a ofri plizyè mwayen pou enfòmè patnè w yo ke yo te fè sèks oswa yo te pataje sereng ak yon moun ki gen VIH e ke li ta bon tou pou yo fè tès pou wè si yo enfekte ak VIH. Nou pap janm devwale non w bay okenn patnè ni bay pèsòn lòt moun.

4. Kilès patnè m yo ye?

Patnè w yo se nenpòt moun ou te:

- Fè sèks oral, vajinal oswa anal (nan twou dèyè) ak li
- Pataje sereng ak li

Lè yon otorite ofisyèl Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal mande w enfòmasyon sou patnè pou yo avize, ou ka jwenn asistans tou pou nenpòt moun ou panse ki ta ka benefisye si yo ta fè yon tès VIH; menm zanmi ak fanmi w yo ka benefisye.

5. Pouki rezon mwen ta dwe di patnè m yo ke mwen teste pozitif pou VIH?

Pifò nan enfeksyon VIH yo mete pye paske moun pa konnen ke patnè yo pataje sereng ak yo a oswa patnè seksyèl yo teste pozitif pou VIH, epitou poutèt moun sa yo pa pran okenn prekosyon ki nesèsè pou pwoteje tèt yo. Leplisouvan, moun ki gen VIH yo pa konnen ke yo enfekte ak viris la e yo pa konnen tou ke yo ka pase VIH bay lòt moun.

Ou ka santi w sou tansyon pou fè patnè w yo konnen ke ou teste pozitif pou VIH. Nan sitiyasyon sa a, anplwaye Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal yo ka ede w avize yon patnè. Li enpòtan pou yo avize patnè w yo pou yo sa al fè tès tou yomenm. Si yo vin aprann yo teste pozitif pou VIH, yo ka resevwa swen e sa ka evite yo pase VIH la bay lòt moun san yo pa menm konnen.

6. Kouman èske mwen ka asire m ke patnè m yo konnen ke gen posibilite yo te ekspozè a VIH?

Gen plizyè fason pou avize patnè w yo e pou pwoteje konfidansyalite w:



IV. Bagay pou konnen lè w gen timoun e ke wap viv ak VIH

1. Èske mwen ka gen yon tibebe ki ansante si mwen teste pozitif pou VIH?

Si w vle gen yon tibebe, li enpòtan pou w pale ak doktè w la. Menmsi w teste pozitif pou VIH, li posib pou w gen yon tibebe ki teste negatif pou VIH. Doktè w la ka ede w pran desizyon sa a e li ka ede w gen yon tibebe ki ansante.

- Gason ki enfekte ak VIH: Avèk èd doktè w la, yo ka « lave » echantiyon espèm ou pou retire VIH la ladan l anvan yo mete l andedan matris patnè w la. Tanpri, kontakte doktè w la pou nou sa planifye alavans.
- Fanm ki enfekte ak VIH: Si patnè w la teste negatif pou VIH, gen mwayen pou mete espèm nan dirèkteman nan matris ou. Yon fwa w tonbe ansent, li enpòtan pou w pran medikaman pou VIH yo jan doktè w la preskri yo defason pou anpeche w pase VIH bay tibebe w la.

2. Kilè yon manman pase VIH bay tibebe l?

Si w ansent, ou ka pase tibebe w la VIH. Sepandan, gen mwayen pou anpeche sa rive. (Gade nan seksyon «5. Kouman èske mwen ka pwoteje tibebe m nan pou l pa pran VIH?» ki nan paj 20). VIH pase de manman a tibebe pandan:

- Gwosès
- Akouchman (lè wap akouche). Se lè sa a pifò tibebe yo enfekte.
- Nan bay tibebe tete
- Lè w moulen manje tibebe nan bouch ou anvan w ba li l

3. Si mwen gen VIH, èske mwen pral pase l bay tibebe m nan si mwen pa pran medikaman pou VIH yo?

Ou gen l chans sou 4 pou pase VIH bay tibebe w la si w pa pran medikaman pou VIH yo.

4. Èske pwobabilite mwen genyen pou m pase VIH bay tibebe m nan chanje si mwen pran medikaman pou VIH?

Wi, ou gen sèlman l chans sou 10 ke w ka pase VIH bay tibebe w la si w pran medikaman pou VIH.

i. Avize pèsònèlman:

- Ou fè patnè seksyèl ou yo oswa patnè ki pataje sereng avèk ou yo konnen pèsònèlman ke w teste pozitif pou VIH.
- Lè sa a, Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal va kontakte patnè w yo pou asire ke yo konnen yo te fè sèks oswa yo te pataje sereng ak yon moun ki gen VIH. Epitou, nou pral ede yo fè yon tès VIH.

ii. Avi sou kontra:


- Ou fè yon akò oral avèk doktè w la, enfimyè w la, konseye w la, oswa otorite ofisyèl Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal ke w pral fè patnè seksyèl ou yo oswa patnè ki pataje sereng avèk ou yo konnen anvan yon dat limit, ke w teste pozitif pou VIH.
- Si w gen difikilte pou fè patnè w yo konn sa, alèkile pwofesyonèl medikal ki ba w swen sante a oswa Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal pral ede w fè sa.

iii. Avi avèk asistans pwofesyonèl medikal la:

- Yon pwofesyonèl medikal ki bay swen sante oswa yon otorite ofisyèl Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal pral ale ansanm avèk ou pou ede w di patnè seksyèl ou yo oswa patnè ki pataje sereng avèk ou yo, ke w teste pozitif pou VIH.

iv. Avi anonim:

- Si w pa vle patnè seksyèl ou yo oswa patnè ki pataje sereng avèk ou yo konnen ke w teste pozitif pou VIH, Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal pral ede w avize patnè w yo san yo pa bay non w ni okenn lòt enfòmasyon pèsònèl sou ou.
- Si w pa vle Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal konn non w, ou ka rele Pwogram Asistans pou Avize Kontak la (Contact Notification Assistance Program: CNAP) pou yo ede w fè patnè w yo konn sa. Sepandan, wap gen pou bay pwofesyonèl medikal ki ba w swen sante a, yon nimewo oswa yon mo kode defason pou CNAP ka konfime ak pwofesyonèl medikal la ke w gen VIH.
- Ou ka kontakte CNAP nan (212) 693-1419.



7. Ki avantaj ki genyen lè yo avize patnè a?

- Ou konnen ke w fè sa w te dwe fè a poutèt ou ede patnè w yo fè tès ak chèche swen medikal.
- Ou fè patnè w yo konnen yo te fè sèks oswa yo te pataje sereng avèk yon moun ki teste pozitif pou VIH e akozde sa yo ka chèche konnen ki sa pou yo fè.
- Ou ede patnè w yo jwenn enfòmasyon sou kouman pou yo fè tès VIH gratis (anonim oswa konfidansyèl).
- Ou konnen ke patnè w yo ka jwenn swen medikal epi yo ka kòmanse pran medikaman, si li nesèsè.
- Ou ede patnè w yo aprann pwoteje tèt yo pou yo pa pran VIH oswa pou yo pa pase l bay lòt moun alavni.

8. Kilès moun ki pral konnen mwen teste pozitif pou VIH?

- Pagen okenn moun nan Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal ki pral bay moun non w. Li kont lalwa pou Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal revele non nenpòt moun ki enfekte ak VIH.
- Si nenpòt moun fè sa, Depatman an ak manm pèsònèl li yo ka gen pou peye gwo amann ak penalite (jiska \$5.000 pou chak non yo revele). Yon anplwaye ka pèdi travay li si li revele non nenpòt moun ki gen VIH.
- Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal pagen dwa devwale non w bay nenpòt ajans lokal, ajans leta oswa ajans federal; ni nonplis tou li pagen dwa devwale non w bay okenn ajans sèvis imigrasyon.

10. Poukisa èske doktè m nan pral tcheke nivo selil CD4 la?

- Tès san sa a endike oumenm ak doktè w la kantite domaj VIH koze nan sistèm iminitè w la.
- Nivo CD4 la ede doktè w la deside si w bezwen medikaman pou VIH, e si w sou medikaman li ede doktè w la detèmine si medikaman yo ap mache.
- Menmsi w pa bezwen okenn medikaman, ou fèt pou w al kay doktè w la regilyèman (chak 3 a 6 mwa).
- Si w kòmanse pran medikaman pou VIH, doktè w la ka bezwen konsilte w pi souvan pou asire l ke pagen okenn pwoblèm ak medikaman yo.

11. Poukisa èske doktè m nan pral tcheke chaj viral VIH la?

- Tès sa a mezire kantite VIH ki nan san w.
- Objektif medikaman pou VIH yo se pou diminye kantite viris ki nan san w defason pou yo desann a nivo "yo pa kapab detekte". Se pou doktè w la tcheke si w pre atenn objektif sa a. Si w gen yon chaj viral yo pa kapab detekte, ou pral kontinye rete ansante.

12. Èske yon chaj viral yo pa kapab detekte vle di ke VIH mwen an geri?

- Non. Lè yo di yo pa kapab detekte chaj viral la sa vle di sèlman ke tès yo fè a pat kapab mezire kantite VIH ki nan san w lan. Sa vle di ke tretman an te bay pi bon ranman posib, men sa pa vle di ke w geri. Ap toujou gen kèk viris VIH kap rete nan kò a. VIH rete nan kote nou pa kapab tcheke ak yon tès sangen woutin, tankou nan ògàn sistèm iminitè w yo, sètadi gangliyon lenfatik oswa likid vajinal ak dechay (« voye »).
- Lè yo pa kapab detekte chaj viral ou, sa vle di ou gen mwens chans pou pase VIH bay patnè w yo, men gen posibilite kanmèm pou w enfekte yo. Malgresa, li enpòtan anpil pou sèvi ak kapòt chak fwa wap fè sèks anal (nan twou dèyè) oswa sèks vajinal.
- Si w sispann pran medikaman w yo, kantite viris ki nan san w lan pral ogmante.



- Vaksinasyon se yon lòt mwayen enpòtan pou w rete ansante e pou anpeche enfeksyon yo. Men sèten vaksen ou dwe pran si w teste pozitif pou VIH:

Tip vaksen

- Vaksen kont lagrip
- Vaksen kont nemoni
- Vaksen kont Epatit A
- Vaksen kont Epatit B
- Vaksen kon tetanòs

Men lè pou w pran l

- Chak ane
- Chak 5 an
- Pale ak doktè w la
- Pale ak doktè w la
- Chak 10 zan

9. Kisa yon selil CD4 ye (yo rele l selil T tou)?


- Se yon selil espesyal ki nan sistèm iminitè a
- Se pati nan sistèm iminitè a ke VIH atake e detwi.
- Yon nivo nòmal pou CD4 ye se ant 500 a 1500.

9. Ki kote patnè m yo ka ale fè tès VIH?

Patnè w yo ka al fè tès:

- Nan klinik Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk ki espesyalize nan maladi moun pran nan fè sèks (*STD, nan lang angle*) oswa ki espesyalize nan tibèkiloz (maladi pwatrinè)
- Nan lopital piblik nan Vil Nouyòk:
<http://www.nyc.gov/html/hhc/html/facilities/map.shtml>
- Yon anlwaye Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal ka teste yo lakay yo oswa nan nenpòt kote yo chwazi ki bon pou yo
- Lè yo rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou ki kote pou yo fè tès VIH





10. Kisa m ka di patnè m yo sou tès VIH la?


- Yon tès VIH fè w konnen si san oswa krache yon moun gen antikò VIH ladan yo. Antikò se pwoteyin kò a pwodui pou konbat maladi. Sèl lè kò a pwodui antikò VIH se lè VIH prezan nan san yon moun.
- Tès rapid yo pran 20 minit, men si rezilta tès la pozitif wap gen pou fè lòt tès pou konfime ke w enfekte ak VIH.
- Tès konvansyonèl yo pran 1 a 2 semenn anvan pou rezilta yo pare.
- Kisa sa vle di si tès VIH patnè m la **negatif**?
 - Sa vle di patnè w la pagen VIH amwenske li te enfekte ak viris la pandan 3 dènye mwa ki sot pase yo. Li ka pran 3 mwa apatide lè yon moun enfekte ak VIH pou viris la parèt nan yon tès VIH rapid oswa konvansyonèl. Si pandan peryòd sa a ou te fè sèks san pwoteksyon (san kapòt) oswa si w te pataje sereng, gen posibilite ke patnè w la enfekte e li dwe refè tès la nan 3 mwa.
- Kisa sa vle di si rezilta tès VIH patnè m nan **enkonklisif** oswa **si yo pa ka detèmine l**?
 - Sa vle di yo pat ka di si tès la te pozitif oswa si l te negatif; se pou yo refè tès la sou l mwa. Sa ka rive pou yon moun ki fèk enfekte ak VIH.
 - Fè doktè w la konnen si w gen enkyetid konsènan enfeksyon VIH. Si yo fè plis tès, sa ka ede detèmine si VIH prezan nan san an.
- Si rezilta tès patnè m nan **pozitif**, kisa pou l fè?
 - Rezilta sa a vle di ke patnè w la enfekte ak VIH. Li enpòtan pou patnè w la al kay yon doktè regilyèman pou l resevwa swen ki nesèsè pou VIH. (Tanpri gade nan paj 15.)

7. Poukisa mwen dwe al kay yon doktè si mwen teste pozitif pou VIH?

- Yon doktè pral swiv enfeksyon VIH ou a, e li pral pwopoze w swiv tretman lè li nesèsè, pou sa viv yon vi ki pi ansante.
- Doktè w la travay ansanm ak yon ekip pwofesyonèl medikal ki bay swen sante e ki ka ede w jwenn sèvis ou bezwen yo, tankou asirans sante, lojman, swen pou sante mantal ak tretman medikal.
- Vil Nouyòk la gen 37 lopital yo deziyen kòm sant pou trete moun ki gen VIH/SIDA. Ou ka jwenn yon lis konplè nan:
 - http://hospitals.nyhealth.gov/browse_search.php?form=CENTER&rt=5#refine
 - Oswa ou ka rele nan Enstiti pou SIDA Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Leta Nouyòk (New York State Health Department AIDS Institute) nan **(518) 486-1383**
- Ou ka jwenn lòt pwofesyonèl medikal ki bay swen sante e ki espesyalize nan swen VIH sou entènèt la nan: www.hitesite.org

8. Kouman èske mwen ka rete ansante si map viv ak VIH?

- Bagay ki pi enpòtan pou fè pou tèt ou se pou w al kay doktè regilyèman.
- Li enpòtan anpil pou w pran medikaman VIH ou yo chak jou, sètadi, pou swiv enstriksyon doktè w la bay pou medikaman yo. Si w rate yon dòz, fè doktè w la konn sa touswit. Doktè w la ka travay avèk ou pou ede asire ke w pa rate okenn dòz.
- Lè w sispann pran medikaman VIH ou yo oswa w rate dòz, sa pral pèmèt kantite viris ki nan san w lan ogmante, e se sa ki pral fè w malad.
- Lè w sispann pran medikaman VIH la oswa lè w rate dòz, sa ka fè viris ou genyen an vin rezistan a medikaman an, sètadi, li ka fè medikaman an vin pagen efè l dwe genyen an, pi devan.
- Si w gen SIDA, ou ka gen pou w pran medikaman pou anpeche sèten enfeksyon opòtinis mete pye, enfeksyon tankou PCP, MAC ak toksoplazmoz. (Gade Kesyon 3 nan paj 13.)



II. Pwoteje patnè w yo

4. Kouman yon moun pase VIH bay yon lòt moun?

- Yo jwenn VIH nan dechay (“voye”), nan likid ki soti nan vajen, nan san ak nan lèt tete. Li ka pase de yon moun a yon lòt atravè nenpòt nan likid sa yo.
- Gen 3 fason prensipal ke sa ka rive:
 - Nan fè sèks (sèks oral, vajinal, oswa anal [nan twou dèyè] san kapòt e ak yon moun ki gen VIH)
 - Nan pran dwòg (pataje sereng ak yon moun ki gen VIH)
 - Manman ka pase l bay pitit li (yon manman ki gen VIH ka pase l bay pitit li yo pandan gwosès, pandan akouchman, pandan lap bay tete, oswa si l moulen nan bouch li manje pitit li yo anvan l ba yo l)

5. Èske yo kapab geri VIH?

Non. Yo pa kapab geri VIH, men si w pran medikaman w yo chak jou, ou ka viv pi lontan e ou ka viv nòmalman.

6. Èske yo kapab trete VIH?

- Wi. Mande doktè w la si yo ta dwe trete w epitou mande l ki kalite medikaman ki bon pou ou.
- Tretman an ka gen ladan l medikaman ki vize VIH la menm, ak medikaman ki vize kèk enfeksyon opòtinis.
- Si wap pran medikaman e ke w ta sispenn pran l pou nenpòt ki rezon, rele doktè w la touswit. Si w sispenn pran medikaman w yo, ou ka mete vi w andanje (gade Kesyon 8 nan paj annapre a).

Kounye a ke wap viv ak VIH, gen mezi ou ka pran pou pwoteje patnè w yo. Pa bliye ke w ka pase VIH bay patnè w, lè w fè sèks oral, vajinal oswa anal (nan twou dèyè) oswa lè w pataje sereng.


Manman ki teste pozitif pou VIH ka pase VIH la bay tibebe yo tou. Si w pran medikaman pou VIH yo, lap diminye sou pwobabilite pou sa rive. Si w ansent e w gen VIH, pale ak doktè w la touswit. (Gade nan Seksyon IV nan paj 18.)

I. Kouman èske mwen ka pwoteje patnè seksyèl mwen yo pou yo pa pran VIH?

Evite fè sèks. Sèl fason pou anpeche w pase VIH la bay patnè seksyèl ou yo se pou evite fè sèks oral, anal (nan twou dèyè) oswa vajinal. Si w fè sèks, ou fèt pou:

- Limite kantite patnè seksyèl ki fè sèks oral, vajinal oswa anal (nan twou dèyè) avèk ou.
- Fè patnè w yo konnen ou teste pozitif pou VIH. Se pou patnè w yo fè tès VIH omwen yon fwa pa ane.





- Toujou itilize mwayen pwoteksyon lè wap fè sèks
 - *Toujou sèvi ak yon kapòt latèks lè w fè sèks vajinal oswa anal (nan twou dèyè). Si w pa sèvi ak kapòt, ou gen 20 fwa plis chans pou pase VIH bay patnè w la.*
 - *Sèvi ak yon librifyan ki fèt ak dlo (tankou K-Y Jelly) ak yon kapòt pou gen mwens chans pou kapòt la pa chire.*
 - *Sèvi ak yon kapòt, oswa nenpòt metòd kontrasepsyon an latèks oswa an plastik, si wap fè sèks oral.*
 - *Si w pa sèvi ak yon kapòt pandan wap fè sèks oral, di patnè w la pou l pa vale dechay la. Patnè w la pa dwe fè sèks oral avèk ou si l gen blesi oswa plè nan bouch li.*
 - *Evite aktivite seksyèl ki ka fè nenpòt nan patnè yo senyen, pa egzanp evite fè sèks si moun nan pa swente oswa si nou pa sèvi ak okenn librifyan, evite foure men nan vajen oswa nan dèyè patnè a, oswa evite sèvi ak objè pwenti pou blese patnè a.*



3. Kisa enfeksyon opòtinis yo ye?

- Enfeksyon sa yo ka pran avantaj de yon sistèm iminitè ke VIH febli. Jeneralman, yon sistèm iminitè ki ansante konbat maladi sa yo.
- Yon moun ki gen VIH e ki trape yon enfeksyon opòtinis dyagnostike ak SIDA.
- Men kèk enfeksyon opòtinis ki komen:
 - **Tibèkiloz [maladi pwatrinè]** (yon enfeksyon ki afekte poumon yo anjeneral)
 - **PCP** (*Pneumocystis [nemosistis]*, yon tip nemoni, ki afekte poumon yo)
 - **MAC** (*Mycobacterium avium*, yon enfeksyon bakteryèn [ki gen rapò ak bakteri] ki ka afekte tout kò a)
 - **Toksoplazmoz** (yon enfeksyon nan sèvo)

Si w bezwen plis enfòmasyon sou enfeksyon sa yo, ale nan sit entènèt la ki se:

<http://www.aids.org/factSheets/500-Opportunistic-Infections-Category.html>



III. Konprann epi aksepte dyagnostik VIH ou

Seksyon sa a reponn kèk kesyon ou ka genyen sou VIH pou w sa aprann kouman pou okipe tèt ou pi byen. Li pral ede w konprann ki tretman ou ka resevwa ak kèk mo doktè w la ka itilize.

Men kesyon moun poze souvan sou VIH/SIDA:

1. Kisa VIH ye?

- VIH se akwonim pou Viris Iminodefisyans Imen.
- Se viris ki bay SIDA.
- VIH atake sistèm iminitè a.
- Sistèm iminitè a se pati nan kò w ki konbat enfeksyon. Li konpoze de selil espesyal ak ògàn.
- VIH detwi selil T (ke yo rele tou selil CD4) ke sistèm iminitè a bezwen pou kenbe nou ansante e pou konbat enfeksyon. (Gade Kesyon 9 nan paj 16.)

2. Kisa SIDA ye?

- SIDA se akwonim pou Sendwòm Iminodefisyans Aki.
- Se faz enfeksyon VIH la ki pi grav.
- Anjeneral li pran 5 a 10 zan apre yon moun enfekte ak viris la pou maladi a rive nan faz sa a.
- Lè yon moun gen SIDA, se paske VIH rann sistèm iminitè moun nan tèlman fèb ke sistèm nan gen difikilte pou l konbat sèten enfeksyon ke nòmalman li ta ka konbat. Yon doktè deklare yon moun gen SIDA lè pasyan an gen:
 - Yon enfeksyon opòtinis (gade Kesyon 3 nan paj annapre a) ak/oswa
 - Yon kantite selil CD4 ki pi ba ke 200 oswa yon pousantaj CD4 ki pi ba ke 14 (gade Kesyon 9 nan paj 16)

- Evite fè sèks lè w gen règ ou (oswa lè patnè w la gen règ li).
- Evite pataje objè pou pran plezi seksyèl epi lave tout objè pou pran plezi seksyèl ak klowòks, alkòl oswa savon ak dlo achak fwa ou fin itilize yo avèk patnè w la.
- Piga ejakile (“voye”) andedan vajen, ni nan anis (twou dèyè) oswa ni nan bouch patnè w la si wap fè sèks san kapòt. Pa bliye ke likid ki soti nan pijon gason an toujis anvan li ejakile (voye) gen viris VIH la ladan l e ou ka pase patnè w la viris la. Kapòt ka anpeche viris VIH la pase nan dechay la oswa nan likid ki soti anvan dechay la.
- Pale sou sa ak yon pwofesyonèl medikal ki bay swen sante tankou yon doktè oswa yon enfimyè. Doktè oswa enfimyè a ka reponn tout kesyon w yo konsènan sèks ak pwoteksyon.

2. Mwen tande gen kalite sèks ki ka pase VIH la plis pase lòt kalite sèks. Èske se vre?


Wi, lè wap fè sèks anal (nan twou dèyè) oswa vajinal san yon kapòt, ou gen plis chans pou pase VIH la bay patnè w yo pase lè w fè sèks oral. Byenke sèks oral gen mwens risk pase sèks anal (nan twou dèyè) oswa vajinal, gen sèten moun ki te vin trape enfeksyon nan fè sèks oral (tibèf) pou patnè yo.

Gason ki enfekte ak VIH:

- Ou gen 100 fwa plis chans pou pase VIH bay patnè w la si w mete pijon w nan twou dèyè patnè w la pase si w fè sèks oral.
- Ou gen 20 fwa plis chans pou pase VIH bay patnè w la si w mete pijon w nan vajen patnè w la pase si w fè sèks oral.
- Ou gen 13 fwa plis chans pou pase VIH bay patnè w la si l mete pijon l nan twou dèyè w pase si w fè sèks oral.

Fanm ki enfekte ak VIH:

- Ou gen 10 fwa plis chans pou pase VIH bay patnè w la si l mete pijon l nan vajen w pase si w fè sèks oral.
- Risk ou genyen pou pase VIH bay yon lòt fanm trè minim, sepandan li enpòtan pou w evite fè sèks lè oumenm oswa patnè w la nou gen règ nou.



3. Èske dwòg ak alkòl ogmante chans mwen genyen pou m pase VIH?

Wi.

- Si w fè sèks pandan w sou oswa pandan w dwoge (lè w hay), li pi difisil pou w panse klèman, li pi difisil pou w pran bon desizyon e li pi difisil pou mete yon kapòt.
- Piga pataje sereng oswa lòt ekipman (oswa enstriman) si w enjekte dwòg, estewoyid, oswa òmòn nan kò w. Ou ka jwenn sereng ki pwòp nan magazen ki vann medikaman ak nan famasi, san preskripsyon yon doktè. Ou ka jwenn tou sereng ak ekipman gratis nan nenpòt pwogram echanj-sereng nan Nouyòk. Rele 311 oswa 1-800-LIFENET (1-800-543-3638), pou jwenn yon lis ki gen pwogram sa yo. Pale ak doktè w la sou kouman ou ka jwenn èd pou sispann fè dwòg.

4. Èske medikaman ka diminye risk mwen genyen pou m transmèt VIH?

- Si w gen yon maladi ou pran nan fè sèks (STD, nan lang angle) e ou teste pozitif pou VIH, ou gen plis chans pou pase VIH bay patnè w yo. Kèlkeswa STD ou genyen an, STD a fè l pi fasil pou pase VIH de yon moun a yon lòt. Antibiyotik kapab ede trete pifò STD (tankou gonore [ekoulman], sifilis, klamidya, elatriye). Lè w sou tretman pou STD, sa ede diminye risk pou w pase VIH bay patnè w yo. Si pijon w oswa vaje w gen blesi, pèt oswa si l grate w, pigafè sèks toutotan ou pa al kay doktè pou l trete w, oswa toutotan blesi oswa pèt la pa ale.
- Si w gen èpès, se pou w ale swiv tretman pou sa. Blesi èpès fasilite transmisyon VIH la. Pagen okenn remèd pou èpès, sepandan medikaman yo redwi sou kantite fwa ou gen blesi e yo ka ede anpeche ke w pase viris VIH la bay patnè w yo. Tanpri, pale ak pwofesyonèl medikal ki bay swen sante a konsènan tretman.
- Si wap pran medikaman pou VIH e yo pa kapab detekte nivo chaj viral ou a (kantite viris ki nan san w), gen mwens risk pou pase VIH. Sepandan, gen yon chans ke w ka pase VIH bay patnè w yo, kidonk toujou sèvi ak kapòt, menmsi chaj viral ou a ba.

5. Kisa patnè m yo ka fè pou pwoteje tèt yo?

Patnè w yo dwe:

- Pran plis prekosyon lè yap fè sèks e yo pa dwe janm pataje sereng.
- Fè tès pou detekte VIH omwen yon fwa chak ane.
- Swiv tretman pou STD, menm sa ki koze demanjezon, pèt likid oswa blesi sou pijon yo oswa nan vajen yo.

6. Kisa patnè m nan ka fè si nou fè sèks san kapòt oswa si kapòt la chire?

Gen medikaman ki disponib pou anpeche enfeksyon VIH si sa rive, men fòk ou ale kay doktè pou w sa jwenn medikaman sa yo. Fòk ou kòmanse pran medikaman sa yo san pèdi tan e pa kite 72 zèdtan pase apre w fin fè sèks san kapòt oswa apre kapòt la chire pou pran yo. Rele doktè w la touswit. Si w pa ka pran kontak ak doktè w la, ou ka pale ak yon moun nan yon sant sante ki pa pou pwofi ki rele Callen-Lorde: (212) 271-7181. Pi bonè w kòmanse pran medikaman yo, se plis chans wap genyen pou yo anpeche w enfekte ak VIH.

Pa bliye ke medikaman sa yo ka gen efè segondè ki dezagreyab. Meyè fason pou evite enfeksyon VIH si wap fè sèks, se pou sèvi ak kapòt.